# САНААТ КӘРХАНАЛАРЫ ХЫЗМЕТИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ ПРОЦЕСИНДЕ ИННОВАЦИЯЛЫҚ БЕЛСЕНДИЛИК ЗӘРҮРЛИГИ

**Кеулимжаев Бахтияр Конакбаевич**

Эконометрика бағдары 2 курс студенти

**Аннотация:** Мақалада базар қатнасықлары шараятында инновация искерлигиниң тийкарлары мәселелери, оның экономикасын раўажланыўына тәсири, экономиканың бәсекиге шыдамлылығын асырыўда нәтийжели пайдаланыў сондай ақ, илимий-техника прогрессин раўажландырыў мәселелери жарытып берилген. Миллий ҳәм экономикалық өзгешеликлери менен актуал ҳәм бир қатар анық мақсетлерге ийе болған санаат өнимлерин ислеп шыгарыў дәрежеси ҳәм сапасын миллий концепциясын қәлиплестириў зәрүрлигин лазымлығына итибар қаратылған.

**Таяныш сөзлер:** базар қатнасықлары, инновация искерлиги, экономиканың раўажланыўы, экономиканың бәсекиге шыдамлылығын, илимий-техникалық прогрессти, миллий ҳәм экономикалық өзгешеликлер, санаат өнимлери, базар талаплары, өндирис, хызмет көрсетиў тарааўлары.

Базар принциплеринен кең пайдаланыў шараятында жаңа технологиялардың күшейип барыўы, өним ҳәм хызметлердиң бәсекишилик орталығына ийкемлескен ҳалда жаратылыўын талап қылып атыр және бул процессте инновация жетискенликлеринен пайдаланыў системасын турмыслық зәрүрлик етип қойды. Мәмлекетимизде экономиканың бәсекиге шыдамлылығын асырыўдың зәрүрли факторы болған инновацияларға баслы жөнелис ретинде итибардың қаратылыўы әмелге асырылып атырған экономикалық реформалар процеси хожалық жургизиўши субъектлер искерлигин сезилерли дәрежеде өзгериўи ҳәм олар искерлигин базар талапларына сәйкеслестириў зәрүриятынан келип шығып атыр. Бул болса өз гезегинде ислеп шығарыў ҳәм хызмет көрсетиў тараўларын нәтийжели раўажланыўын тәмийинлейтуғын инновциялық искерликти басқарыўға айрықша итибар қаратыўды талап етип атыр. Себеби, инновциялық искерлик базар қатнасықлары шараятында исбилерменликтиң алдыңғы формасы болып есапланады ҳәм ол базар экономикасында илимий-техниканың раўажланыўы ушын реал мүмкиншиликлер жаратады. Экономикалық тәрептен

раўажланған мәмлекетлерде жаңа өнимлер ҳәм технологияларды ислеп шығыўдың реал шараятларға ийкемлесиўи, алдыңғы өзгерислердиң айрықша басқарыў механизмлерин қәлиплестириў ҳәм сол тийкарда инновацияларды қоллаў механизмлерин ислеп шығыў ҳәр бир кәрхана алдында турған зәрүрли ўазыйпалардан бири болып табылады.

Республика Президенти Ш. Мирзиёев 2020-жыл 25-январда Олий Мажлиске Мүрәжатында биз Өзбекстанның раўажланған мәмлекетке айланыўын мақсет етип қойған екенбиз, буған тек жедел реформалар, илим-билим ҳәм инновация менен ерисе аламыз деп айтып өткен еди. Сол көзқарастан қарағанымызда, раўажланған шет мәмлекетлер ЖИӨ қурамы анализи, мәмлекетимизде келешекте экономикамыз қурамын жетилистириў бойынша, үстин туратуғын тараўларды анықлаў ҳәм оларды раўажландырыў ушын басланғыш экономикалық информация болып хызмет етеди.

Егер базардағы жағдайлар өзгеретуғын болса, оны келешекте жақсылаў мүмкиншиликлерине ийе нәтийжели раўажланыў стратегиясын таңлаў талап етиледи. Өзбекстан экономикасын реформаластырыўдың тийкарын жаңа технологиялық базаға тийкарланған санаат тармақларының модернизациясын шөлкемлестиреди. Санаат кәрханаларының заман талапларына муўапық түрде раўажланыўының өзине тән тәреплери ислеп шығарыў процесин алдыңғы технологиялар менен үскенелестирилген техника қуралларынан мақсетли пайдаланыўды жолға қойыўдан ибарат. Жаңалықларды енгизиў экономикалық турмыстағы жәнеде зәрүрли жағдай болып бармақта. Ҳәзирги тез өзгериўшен шараятта кәрханалар техникалық өзгерислер менен бир қатарда ямаса илгериде болыўлары ҳәм жаңалықларды табыслы нәтийжени әмелде қолланыў зәрүр болып табылады. Алдыңғы ислеп шығарыўдың технологиялық дәрежеси оның экономикалық көрсеткишлерине шешиўши тәсир көрсетеди, мине соның ушын да заманагөй технологиялық процесслерди тереңнен билиў талап етиледи.

Кәрхана жетискенлиги технологияның жағдайына байланыслы болып, ол тийкарғы шешиўши буўын ретинде өзин көрсетеди ҳәм бәсекиге шыдамлылықта жеңип шығыў мүмкиншилигин жаратады. Ислеп шығарыўды басқарыў, оның хожалық искерлигин анализ етиў, оның бөлимлериниң искерлигин тәмийинлеп бериў, илим-техника қолланбаларының экономикалық нәтийжелилиги ҳәм олардың әмелиятта

өзлестирилиўин белгилеп алыў, илим ҳәм техниканың соңғы жетискенликлерин енгизиў есабына өндиристиң материаллық-техникалықа базасын муғдарлық ҳәм сапа тәрепинен раўажландырыў мәселелерин шешиў ушын ең дәслеп, ислеп шығарыў ҳаққында, оның дүзилиси, алдыңғы технологиялық процесслер ҳаққында анық сәўлелениўин талап етиледи.

Жаңа технологиялар ҳәм өнимлер нәтийжелилигин баҳалаў тийкарында санаат кәрханаларының экономикалық өсиўге ҳәм бәсекиге шыдамлылығына бағдарланған жедел инновциялық сиясатты әмелге асырыў ушын тийисли шөлкемлестирилген тәмийнатты ислеп шығыў зәрүр. Бул мақсетте корпоратив структурада өним ҳәм технологиялық жаңалықларды ислеп шығыў, баҳалаў, таңлап алыў ҳәм әмелге енгизиўдиң нызамлы процесслерин сәўлелендириўге ерисиў имканиятын беретуғын қуураллардан пайдаланыў зәрүр. Бунда инновциялық өзгерислерди басқарыў бойынша объектив зәрүр функцияларды анықлаў, усы функцияларды бөлимлер, басшылар ҳәм киши бөлимлер ортасында оптимал дәрежеде бөлистириў, инновциялық раўажланыў стратегияларын ислеп шығыў ҳәм әмелге асырыў процесинде хызметлер ҳәм лаўазымлы шахслар ортасында шөлкемлестирилген үгит-нәсиятлар, ҳуқықлар, миннетлемелер ҳәм жуўапкерликти орнатыў мәселелерди илимий-методикалық тәрептен ислеп шығыў талап етиледи. Себеби, ислеп шығарыўға қаратылған технологиялар, қандай да бир процесстиң технологиялық мүмкиншиликлери, кәрханада ислеп шығарылатуғын өнимлердиң түрлерин билмей турып, белгилеп алынған ўазыйпалардың сапалы орынланыўын тәмийинлеп болмайды. Өндириске тийисли технологиялық процесслерди раўажландырыў нызамлықларын үйрениў ислеп шығарыўдың илим-техника динамикасы бойынша жаңалықларды өзлестирип алыў ҳәм бөлип ислеп шығарыў ҳәм тармақлар менен бир қатарда улыўма экономиканы илим-техниканы раўажландырыўды итибарға алған ҳалда, экономикалық қарарлар қабыл етиўге кең мүмкиншиликлер жаратады.

Кәрхана тәрепинен инновациялардың әмелге асырылыўы ҳәзирги заманагөй шараятларда базарда оның бәсекиге шыдамлылығы күшейиўин белгилеп береди. Муўапық түрде, кәрхананың инновциялық искерлиги қаншелли жедел болса, оның бәсеки үстинлиги де сонша жоқары болады.

Кәрхананың инновация активлиги инновациялардың нәтийжелилиги ҳәм үзликсизлиги менен, жаңалықларды жаратыў ҳәм оны әмелиятқа енгизиў жумыслары динамикасы менен характерленеди. Субъекттиң (мәмлекет, тармақ, кәрхана) инновация активлик дәрежесин баҳалаў арқалы оның бәсекиге шыдамлылығы ҳәм улыўма, оның раўажланыўы нәтийжеси туўрысында жуўмақ шығарыў мүмкин. Кәрхананың инновация активлиги қаншелли жоқары болса, соған байланыслы түрде, оның искерлиги ҳәм нәтийжелилиги де мақсетке муўапық. Сондай екен, кәрханада инновацияларды әмелге асырыўды жеделлестириў шарасы ретинде инновация активлиги оның нәтийжелилигиниң заманагөй стратегиялық характеристикасы болып табылады.

Ғәрезсизлик жылларында машинасазлық ҳәм автомобилсазлық, химия ҳәм нефть-химия, азық-аўқат, қурылыс материаллары санааты, фармацевтика ҳәм мебелсазлиқ, телекоммуникация үскенелери, компютер техникасы ҳәм мобил телефонлар, кең түрдеги хожалық електроника өнимлери ислеп шығарыў сыяқлы тармақлар жедел раўажланыўы санаатымыздың локомативлерине айланды. Булардың барлығы халқымыздың жоқары технологиялы санаат өнимлерине болған зәрүриятын жергиликли ислеп шығарылған арзан ҳәм сапалы товарлар есабынан қандырыўға хизмет етип атыр.

Жоқарыда белгиленген тараўлар ислеп шығарыўды турақлы түрде модернизациялаў ҳәм илим жетискенликлеринен кең пайдаланыўды талап етеди. Сол себепли санаат кәрханаларына ең заманагөй техника ҳәм технологияларды алып келиў экономикалық реформалардың үстин туратуғын ўазыйпаларынан бири ретинде актуаллығынша қалып атыр.

Соннан келип шығып, 2017 жылда реал сектордың 120 мыңнан аслам кәрханасында ислетилип атырған 80 мыңнан зыят үскенелер бойынша техникалық аудит өткерилди. Нәтийжеде әмелдеги үскенелердиң 30 проценттен көби гөнергенин, атап айтқанда, електротехника санаатында 44 проценти, машинасазлиқ тармағында 37 проценти, химия санаатында 21 проценти, қурылыс материаллары өндиристе 20 проценти, азық-аўқат санаатында 19 проценти, жеңил санаатта 8 проценти заманагөйине алмастырылыўы зәрүр екенлигин көрсетти. Бүгинги күнде болса бул жағдайлар инабатқа алынып, усы кәрханаларда модернизациялаў илажлары басқышпа-басқыш атқарылып атыр. Санаат

кәрханалары искерлигин жетилистириў мақсетинде экономикалық нашар ҳалаттағы ислеп шығарыў субъектлерин коммерция банклери жәрдеминде қайта тиклеў бойынша жаратылған система әмелде өзин толық ақлағанын бөлек атап өтиў керек.

Соның менен бирге, миллий экономикада структуралық өзгерислер бағдарларынан бири санаат комплексиндеги структуралық өзгерислер есапланады. Санаат тармақларының турақлы раўажланыўын тәмийинлеў мақсетинде жаңа техника ҳәм технологияларды өндириске енгизиў ҳәм структуралық қайта дүзиў процесслери менен аңлатылады. Мәмлекет структуралық сиясатының бас мақсетлеринен бири де санаатта структуралық қайта дүзиўди әмелге асырыў арқалы Өзбекстан экономикасы бәсекиге шыдамлылығын тәмийинлеўден ибарат.

Инновциялық процесслер анализине итибар бериў процессинде үлкен кәрханалар тәрепинен инновациялық активликке салдамлы жантасыў жағдайлары белгиленгенлигин атап өтиў керек. Атап айтқанда, экономикасы раўажланған мәмлекетлерде ири кәрханалардың ҳәр он данадан сегизи инновциялық идеяларды асығыслық пенен ислеп шығарыўға усынатуғын екен. Мәмлекет инновциялық раўажланыўды қоллап-қуўатлайды ҳәм нәтийжеде ишки қәрежетлердиң үлкен бөлегин қаплайди және бул суўретте белгиленген.

Кестеден көринип турғаныдай, Европа Аўқамы мәмлекетлеринде бул көрсеткиш - 56 %, АҚШда - 63 %, Японияда - 74 % ке жеткен. Раўажланған мәмлекетлерде инновацияларды билимлерге ийе болыў интеллектуаллық мүлк ҳәм инновциялық инфрасистема объектлери базарларын қәлиплестириў есабынан ерисилмекте. Бунның ушын оларда инновация орайлары, жаңа технологиялар, технологиялардың регионлық орайларын раўажландырыў есабына университетлер менен реал кәрханалар ортасында кооперациялық байланысты раўажландырыўға үлкен итибар берилип, бул процесс ҳәр тәреплеме хошаметленбекте.

Усы көзқарастан, Өзбекстанда да инновациялық искерликти әмелге асырыў ушын зәрүр болатуғын финанслық, илим-техника ҳәм басқа ресурсларда кәрхананың жаңалықларды жаратыў ҳәм оларды әмелиятқа енгизиў мәселелерине дыққат қаратыў

керек болады. Себеби, ҳәзирде санаат кәрханалары инновация активлиги талап дәрежесинде емеслиги көпшиликке сыр емес.

Көпшилик кәрханалар ушын меншикли қаржылар инновациялар дәреги есапланады, себеби узақ мүддетли кредитлерден пайдаланыў бираз қыйын. Меншикли қаржылар жеткиликли болмайды ҳәм инновация процеси сапасы бәрҳа заман талапларына сәйкес келе бермейди. Тармақ кәрханаларының меншиклестирилиўи ҳәм акционерлестирилиўи, олардың илимий шөлкемлер менен копперацияласыўдың жаңа формалары, илимий жөнелислерди селектив қоллап-қуўатлаўдың жаңа үлгилеринен пайдаланыў, атап айтқанда, бул тараўды мәмлекет тәрепинен тәртипке салыў системасын реформалаў тийкарында, ҳәр түрли дереклерден қаржыларды тартыў илимий институтлардың жаңа, заманагөй базар қатнасықлары көбирек муўапық келетуғын шөлкемлестирилген моделлерин жаратылыўына жәрдем берип атыр.

Санаат кәрханаларының инновация активлиги келешекте оның бәсекиге шыдамлылық стратегиясын қәлиплестириўдиң ең зәрүрли шәртлеринен бири болыўы мүмкин. Инновациялардың әмел етилиўи ислеп шығарылатуғын товарлардың бәсекиге шыдамлылығын асырыў, раўажланыўдың жоқары пәтлери ҳәм пайдалылық дәрежесин сақлап турыўдың бирден-бир бир усылы ретинде көриледи.

Инновация активлигин баҳалаў машқаласына жантасыўлар анализи көрилип атырған сыпатламаның қаншелли көп қырлы екени ҳаққында жуўмақ шығарыў ҳәм машқаланың барлық тәреплерин қамтып алыўшы, бир ўақыттың өзинде барлық ушын түсиникли ҳәм де изертлеў мүмкин болған оның интеграл көрсеткишлерин моделлестириўге мүмкиншилик береди. Басқаша айтқанда, инновация активлигин баҳалаўға сондай жантасыў талап етиледи, бунда ол бир тәрептен инновациялық активликтиң барлық тәреплерин сәўлелендирсин, басқа тәрептен болса, информациялар менен ҳадден зыят жүклеп тасланбаған ҳәм тек кәрхана ушын ҳақыйқаттан да стратегиялық әҳмийетке ийе затларды қамтып алсын.

Шет елде инновация процесслери бир неше он жыллардан берли үйренилип атыр. Европада кәрхананың инновация активлигин үйрениў бойынша “Осло қолланбасы” (Proposed Guidelines for Collecting and Interpreting Technological Innovation Data: Oslo

Manual. Paris: OECD, Eurostat, 1997) на әмел етиледи. Бунда сөз "технологиялар" инновациялары үстинде жүритиледи ҳәм тек жаңа өнимлер ҳәм процесслер ҳәм де олардағы технологиялық өзгерислер көрип шығылады. Егер инновация базарға ямаса ислеп шығарыў процесине енгизилген болса, ол әмелге асырылған деп есапланады. Инновация ретинде есапқа алыў ушын минимал шәрт соннан ибарат, өним ямаса процесс фирма ушын жаңа (ямаса салыстырмалы түрде жетилистирилген) болыўы керек.

Табыслы инновация искерлигин алып баратуғын санаат кәрханалары анализи инновацияларды ислеп шығыў ушын үндеўши ең тийкарғы күш менежменттиң инновциялық раўажланыў стратегиясын әмелге асырыўға қаратылған тилек ҳәм умтылыслары есапланады. Басқаша айтқанда, кәрханада жаңа өнимлерди ислеп шығыў ушын ресурслар ажыратыўға тайын ҳәм үзликсиз түрде барлық хызметкерлерди инновацияларға қызығыўшылықларын күшейтиўши жетекши-новатор болыўы керек .

Инновация стратегиясының қурамы ҳәм тереңлигин характеристикалаўда кәрхана администрациясына унамсыз тәсирлер (ҳәлсиз тәреплер) ге өз ўақтында мүнәсибет билдириў ҳәм унамлы жөнелислерден нәтийжели пайдаланыўға мүмкиншилик жаратыўшы орталық келбети анализ етиледи. SWOT-анализде дәслеп күшли ҳәм ҳәлсиз тәреплер, соның менен бирге, қәўип ҳәм мүмкиншиликлер, кейин ала болса - келешекте кәрхананың инновциялық мақсетлери ҳәм стратегияларына анықлама бериўде пайдаланыў мүмкин болған олар ортасындағы байланыслар шынжыры анықлап алынады.

Инновциялық искерликти шөлкемлестириў процеси жоқарыда белгиленгенлердиң өзи менен шекленип қалмайды. Технологиялық инновациялардың техникалық-экономикалық негизи, инвестициялар дәреклери, ресурслар тәмийнаты, инновциялық жойбардың инвестицияларды өзине тарта алыў баҳасы, жойбарларды табыслы әмелге асырыўға тосқынлық етиўи мүмкин болған қаржыларды жумсаў қәтери баҳасы, қәўиплер факторлары баҳасы сыяқлылар инновация программасын әмелге асырыўда әҳмийетли есапланады.

ЖИӨниң өсиўи оның қурамы болған аўыл хожалығы, санаат, қурылыс ҳәм хызметлердиң раўажланыўы менен байланыслы. Раўажланған шет мәмлекетлерде ЖИӨ қурамы аўыл хожалығы, санаат, қурылыс ҳәм хызметлердиң инновциялық раўажланыўы

тийкарында қәлиплескен деп қараў мүмкин ҳәм бул қурам Өзбекстан ЖИӨ қурамын жетилистириўде зәрүрли информация есапланады. Соған байланыслы мәмлекетимиз ЖИӨ қурамында аўыл хожалығының үлеси 10-15% аралықта, санааттики 25-28%, хызметлердики 55-60% аралықта болыўына келешекте ерисиўди стратегиялық мәселе деп қараў мақсетке муўапық;

Санааттың раўажланыўы басқа тараўлардың раўажланыўына түртки бериўин инабатқа алсақ, оның раўажланыўына мүмкиншилик бериў, машинасазлық, электротехника, электроника ҳәм химия тармақларын шет ел алдыңғы технологиялар тийкарында раўажландырыў, санаат тараўында жоқары технологиялық, экспоратқа өним ислеп шығарыўшы киши ҳәм орта бизнес субъектлерин арнаўлы жүзеге келтирген киши санаат зоналарына қосыў арқалы раўажланыўын тәмийинлеў, еркин экономикалық ҳәм индустриал зоналарды шөлкемлестириў, инновациялық инфраструктура объектлерин басқышпа-басқыш шөлкемлестириў санаатты раўажландырыўдың тийкарғы факторлары есапланады.

**Пайдаланылған әдебиятлар дизими:**

1. Ўзбекистон Республикаси Президенти 2022 йил 28 январдаги 2022-2026 йилларга мўлжалланган Янги Ўзбекистонни тараққиёт стратегияси» ПФ 60 сон Фармони// www.lex.uz
2. Власкин Г.А. Ленчук Е.Б. Промышленное политика в условиях перехода к инновационной экономике: опыт стран Центральной и Восточной Европы и СНГ. М.:Наука 2006. – 246с. Калмуратов Б. С. Совершенствование инновационной инфраструктуры промышленности региона путем кластеризаций// Iqtisodiyot va ta'lim // 2022-yil 2-son. 68-372
3. Қалмуратов Б. С. Қорақалпоғистон Республикасида саноат ишлаб чиқаришини ривожлантиришни статистик таҳлили// Хоразм Маъмун академияси ахборотномаси: илмий журнал.- №1(1), Хоразм Маъмун академияси, 2023 й. – 152-156 б.

4. Қалмуратов Б. С. Мәмлекеттиң санаатласыў сиясатын әмелге асырыў бағдарлары// Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң Хабаршысы Нөкис. 2023. №1(59)// 77-81 б